

My Math Academy®

My Reading Academy™

Gid pou Kòmanse

Byenvini ak fanmi epi responsab swen yo!

Nou kontan anpil pou n ap swiv pitit ou an k ap pwogrese pandan l ap itilize *My Math Academy* ak *My Reading Academy*! *My Math Academy* ak *My Reading Academy* se pwogram adaptasyon ki baze sou rechèch pou elèv matènèl jiska 2yèm ane. Pwogram pèsonalize sa yo sipòte bezwen aprantisaj endividyèl chak elèv, ede yo vinn gen konfyans epi devlope konpetans esansyèl nan matematik ak lekti. Nou espere gid pou demaraj sa a bay zouti ou bezwen an pou sipòte pitit ou a avèk siksè nan itilizasyon pwogram Age of Learning lakay ou.




ETAP 1: Konfigire aparèy ou an

Tanpri swiv enstriksyon yo nan gid teknik la pou konfigire aparèy ou an.

ETAP 2: Aktive kont Age of Learning ou a

Ou te resevwa yon imèl nan men sistèm jesyon Age of Learning (Welcome@Learn.AgeofLearning.com) ak yon lyen aktivasyon pou kreye yon kont. Pou aktive kont ou a, **swiv etap sa yo**:

1. Tcheke bwat resepsyon ou a pou imel konfigirasyon kont nan Age of Learning ou a. Asire w ou verifye spam, pwomosyon, ak imèl endezirab ou yo.
2. Klike sou lyen aktivasyon ki nan imel ou a.
3. Suiv Enstriksyon yo pou kreye yon modpas.
4. Anrejistre imèl la ak modpas ki asosye ak kont ou a!




Kontinye nan do a

Gid pou Kòmanse, swit

ETAP 3: Itilize Pwogram Age of Learning

Pou itilize *My Math Academy* ak *My Reading Academy* adomisil, **suiv etap sa yo**:


1. Klike sou ikòn Age of Learning icon (Login.AgeofLearning.com) ki nan tablèt ou a.
2. Konekte avèk adrès imel ak modpas ou te kreye lè w t ap aktive kont Age of Learning ou a (**Etap 2**).
3. Klike sou pwofil ak sou kòd aksè pitit ou an, après seleksyone *My Math Academy* oswa *My Reading Academy* pou kòmanse ak jwèt lan.



ETAP 4: Aksede nan Sant Moun kap bay Swen yo

Avèk Sant Moun k ap bay Swen yo, ou ka swiv itilizasyon pitit ou a, revize etap aprantisaj yo, epi jwenn aktivite pou sipòte domèn aprantisaj kote yo ka bezwen sipò adisyonèl. Pou jwenn aksè nan Sant Moun k ap bay Swen yo, **swiv etap sa yo**:

1. Ale sou <https://Educate.AofL.com>
2. Konekte avèk imel ak modpas ki pou kont Age of Learning ou a (**Etap 2**).



Èske w bezwen asistans siplemantè?

Nou la pou ede w! Tanpri rele 800.935.8563 pou jwenn sipò nan lang Angle, Espanyòl ak Kreyòl Ayisyen.

KONSÈY

SIPÒ	ANKOURAJE	MOTIVE
Soutni jwèt endepandan pandan w ap ankouraje pitit ou an itilize pwogram yo poukont li	Ankouraje timoun ou an pou itilize pwogram yo pandan tan lib li yo, pou ede yo atenn objektif li genyen an ki se 45-60 minit itilizasyon chak semèn!	Motive pitit ou an ansanm ak kèk ti prim pou l atenn objektif itilizasyon li genyen chak semèn lan!



Aksede nan Sant Asistans lan pou Aprann Plis!
AgeofLearning.com/Caregivers

